Ассаламу гІалайкум!

ЗахІмат бихьичІого, рахІат бокьарас,
БекьичІого, лъилънье, нилъ гьечІого, хур.
Инхоса ГІали-хІажи



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

№ 16 (6804) 25 апрелъ 2022 с. Итни Рамазан 1443 с. Багъа - эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Гъалип Гъалипов: «Россиялъул батІи-батІиял регионаздаса туристал рачІуна ЧІиркъатІа бугеб «Мирида» некІсияб рокъоре»

### Туризм, лъайкьей, сахлъи цІуни...

**Лъайкьеялъул даража борхиялъул, туризм цебетІеялъул**



**ва цогидал кІвар бугел суалал рорхараб данделъи тІобитІана араб анкьалъ Бакълъул районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповасул бетІерлъиялда. Дандеруссиналъул хІалтІулъ гІахьаллъи гьабуна федералиял, регионалиял ва бакІалъулал идарабазул вакилзабаз.**

Тадбир рагьулаго, Гъалиповас баян гьабуна Дагъистан туристал гІемер рачІунел регионлъун лъугьун букІин ва гьалбадерие санагІатал шартІал чІезариялде кІвар кьезе ккolебльи. «Бакълъулазул районалда руго гІемерал тІабигІиял памятникал, сиял, туристазе рихьизе цІакъ рокьулел. Россиялъул батІи-батІиял регионаздаса туристал рачІуна ЧІиркъатІа бугеб «Мирида» некІсияб рокъоре.

Бакълъулазул мухъалда руго туристазулал маршруталги. Районалъул администрациялъ нахъеги кумек гьабизе буго туризмалъул рахъал церетІезаризе»,- ян абуна Гъалиповас. Гьединго дандеруссиналда гьоркьор лъуна росдал магІишат, сахлъи цІуни, лъайкьей цебетІеялъул суалалги.

Гьединго Бакълъул районалъул ЧІиркъатІа росулъ бугеб «Мирида» некІсияб рокъоб данделъи тІобитІана муниципалитеталда ругел туристическиял бакІазул вакилзабул гІахьаллъигун. Гьез халгьабуна районалда туризм цебетІезе тІуразе хІажатал масъалабазул. Тадбир гІуцІун букІана Бакълъул районалъул маданияталъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель жигаралдальун.

Семинаралда бицана туристазе санагІалъаби чІезариялъул, экскурсоводазул лъай борхизабиялъул, батІи-батІиял турагентствабазулгун гьоркьоблъи щула гьабиялъул ва гь. ц. Районалъул маданияталъул ва туризмалъул идаралъул вакилзабаз баркала загьир гьабуна Юсуп Юсуповасе ва Жамиля Мелесовалъе бакълъулазул мухъалда туризм цебетІезе гьабураб кумекалъухъ.



МухІамад ГІумардибировасул «Гумбет» РИО

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГІУМРУ

## Лъим кьабулеб 2 станция къачІазе – 12,5 млн гъурущ

### Лъалъадиялъул суалал рорхараб данделъи

**МелъелтІа росулъ, Бакълъул районалъул администрациялда, муниципалиталъул нухмалъулев Гъалип Гъалипов дандчІвана «Минмелиоводхоз РД» ФГБУялъул директор Залкъип Къурбановгун. ХІалтІулаб сапар Къурбановас гьединго бухьана Аргвани росулъеги. Къуру тІеялъул хІасилалда лъалъадиялъул лъим гьечІого хутІана гьеб росдал гІадамал. «Минмелиоводхоз РД» ФГБУялъ гьаризе руго лъел трубаби къачІаялъул хІалтІаби, гьедин рес щвела эргъвендерие хурзалгун ахал лъалъазе.**

«Минмелиоводхоз РД» ФГБУялъул вакилзабазул рагІабазда рекъон, Бакълъул районалъе кумек гьабизе буго лъалъадиялъул суалал тІуразе.



Гьедин, 2022-абилеб соналъ гьеб идараялъ Игьали росулъ кІиго лъим кьабулеб станция къачІазе 12,5 млн гъурущ харж гьабуна. Гьединго 4 млн 400 азарго гъурущ биччан букІана ГьоркІ Инхо росулъ лъим кьабулеб станция къачІазе. Гьединго Ингишо росдае кьезе руго 250 м трубабазул лъалъадиялъул суалал тІуразе мурадалда, игьелдерие тІадеги кьезе руго трубаби 1 км манзилалъул. ГІанди гІоралъул лъел къадар цІикІкІидал зарал ккараб ГьоркІ Инхо росдал лъим кьабулеб станция къачІазеги кумек гьабизе буго.

ХІалтІулаб данделъиялда гьединго гІахьаллъи гьабуна Хунзахъ бугеб «Минмелиоводхоз РД» филиалалъул ЦГБУялъул директор ХІусен ХІамзатовас, бакълъулазул мухъалда вугев гьеб идараялъул вакил Давуд МухІамадгичиевас, муниципалитеталъул росдал магІишаталъул нухмалъулев МухІамад ГІабдулхІалимовас, «Сельсовет Аргванинский» поселениялъул бетІер ХІусен ГІусмановас ва цогидаз.

«Гумбет» РИО

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Бакълъулазе – рукІа-рахьин лъикІлъизариялъул сертификатал**

- 2 гьум.



**ТІолгороссиялъулаб «ХъахІаб чІоло» абураб акция тІобитІана Бакълъул мухъалда**

- 2 гьум.



**ГІаммаб субботник**

- 2 гьум.



**МагІарул театралъул вакил – Бакълъул мухъалда**

- 3 гьум.

Масала, гӀакъилас гӀадан теларо,
Тушман вугониги, гӀадада хвезе.

Инхоса ПӀали-хӀажи



НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

# «Дир Дагъистан – дир нухал» программа нухдаинаби, нухаб хӀинкъи гьечӀолъи цӀуни

**Бакълъул районалда нухлулаб хьвадиялъул хӀинкъи гьечӀолъи чӀезабиялъул комиссиялъул дандельи**



**тӀобитӀана муниципалитеталъул нухмалъулесул заместитель МухӀамад КаримухӀамадовасул бетӀерлъиялда. Тадбиралда гӀахьаллъи гьабураз халгьабуна 2022-абилеб соналъул тӀоцебесеб кварталалда авариял ккеялъул, районалъул нухал ихдалилгун роолил заманалде хӀадурлъиялъул, Бакълъул мухъалда «Дир Дагъистан-дир нухал» абураб программа гьаб соналъ гӀумруялде бахъиянабиялъул, цӀалул идарабазда аскӀор ругел нухал тӀалабазда рекъон къачӀаялъул ва цогидал кӀвар бугел суалазул.**

«Хвелхал тӀагӀинариялъул, муниципалитеталъул нухазда хӀажатал нухлулал гӀаламатал чӀезариялъул, лъелго унезул мухъал къачӀаялъул хӀалтӀаби лъугӀизаризе руго кватӀичӀого»,- ян абуна Бакълъул районалъул АТКялъул специалист УхӀумагӀали Загьидовас. Дандеруссиналда рорхарал суалазда тӀасан данде кколел хӀукмабиги гьаруна тӀадкъаялги кьуна.

**Макка МухӀамадова**

ВАТӀАНИЯБ ТӀАЛАБ ТӀОБИТӀУЛАГО

# ГӀаммаб субботник

### КӀудияб Бергьенлъиялъул хӀурматалда 200 гъветӀ чӀана цӀилкьадерица

**Араб анкьалъ бакълъулазул мухъалда муниципалитеталъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповасул жигаралдалъун иргадулаб тӀабигӀаталъулаб**



**тадбир тӀобитӀана. Гьедин, районалъул киналго идарабазул вакилзабаз бакъвараб хералдаса, кьищниялдаса жидерго жавабчилъиялда бугеб мухъ бацӀцӀад гьабуна.**

Сверухълъи бацӀцӀад гьабиялъул тадбиралда гӀахьаллъи гьабуна районалъул бетӀер Гъалип Гъалиповасги. Гьес КӀудияб ВатӀанияб рагъул гӀахьалчагӀазул хӀурматалда бараб памятникалда аскӀоб «РакӀалдещвеялъул ах» абураб акциялда рекъон гъветӀ чӀана. Гъалип Гъалиповасул рагӀабазда рекъон, рухӀалда барахщичӀого ВатӀан цӀунарал даим ракӀелъ рукӀине ккола.

Гьединго тӀабигӀат цӀуниялъул ва КӀудияб ВатӀанияб рагъул гӀахьалчагӀи ракӀалдещвеялъул тадбирал тӀоритӀана Бакълъул районалъул ЦӀиликь Ва Данухъ росабалъги. ЦӀилкьадерица чӀана 200 гъветӀ, тадбиралда гӀахьаллъи гьабуна росдал хӀаракатчагӀаз, цӀалдохъабаз ва цогидаз. Данухъ росдал гӀадамазги жигарго бацӀцӀад гьабуна росдал мухъ рукӀарахъиналъул хутӀелаздаса, сверухълъи берцин гьарулел ва пихъ кьолел гъутӀби чӀана. Тадбирал гӀуцӀаразул рагӀабазда рекъон, тӀабигӀат ва нилъерго тарих цӀуни нилъго нилъецаго цӀуни ккола.

**Зугьра ГӀабдулкъадирова**

СОЦИАЛИЯБ СИЯСАТ

# Бакълъулазе – рукӀа-рахъин лъикӀлъизариялъул сертификатал

**Араб итни къоялъ Бакълъул районалъул администрациялда сакъатазул рукӀа-рахъин лъикӀлъизабиялъул свидетельствоял кьеялъул тадбир тӀобитӀана.**

**Гьедин, муниципалитеталъул бетӀер Гъалип Гъалиповас мина-рукъалдалъун хьезаризе кумек гьабулел свидетельствоял кьуна: МухӀамад ИсмагӀиловасе, СагӀад МухӀамадовасе ва Аслият Ибрагьимовалъе. Гьединго мина-рукъ босизе рес щолеб свидетельство кьуна Венгералъулал лъугьа-бахъиназул гӀахьалчи ХӀажи Дибировасеги. Свидетельст-воял кьуна Дагъистаналъул захӀматалъул ва социалиял рахъал церетӀеялъул министерствоялъул рахъалдасан.**



**«Гумбет» РИО**

ЛЪАЙКЬЕЙ – ХАЗИНА

# Гъоркь Инхоб – хӀисаб гӀелмуялъул мугӀалимазул семинар

**Бакълъул районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалипов араб анкьалъ щвана Гъоркь Инхо росдал гьоркьохъеб школалде ва гӀахьаллъи гьабуна «Функциональная грамотность» абураб хӀисаб гӀелмуялъул мугӀалимзабазул семинаралда. Тадбиралда гьединго гӀахьаллъана муниципалитеталъул лъайкьеялъул идараялъул нухмалъулев ХӀассан ГӀалихӀажиев, бакълъулазул росабазул школазул хӀисаб гӀелмуялъул мугӀалимзаби.**



Гъалип Гъалиповас баян гьабуна лъайкьеялъул даража борхизаби, цӀалул идараби хӀажатал алататздалъун хьезари кӀвар цӀикӀкӀараб иш букӀин.

Районалъул нухмалъулес абуна муниципалитеталъул администрациялда цере чӀарал аслиял суалазул цояблъун кколин лъайкьей цебетӀезаби. Гьесул рагӀабазда рекон, гьеб мурадалда хӀаракат бахъулеб буго школал, ясли-ахал къачӀазе рес щолел программабалъ гӀахьаллъи гьабизе.

**«Гумбет» РИО**

ВАТӀАНИЯБ ТӀАЛАБ ТӀОБИТӀУЛАГО

# ТӀолгороссиялъулаб «ХъахӀаб чӀоло» абураб акция тӀобитӀана Бакълъул мухъалда

### МугӀалимаз, цӀалдохъабаз, Афгъаналъулаз гӀахьаллъи гьабуна

**Украина неофашистаздаса эркен гьабиялъул мурадалда Россиялъул Президент Владимир Владимирович Путиница рагӀинабураб хасаб рагъулаб операциялда гӀахьаллъи гьабулезул хӀурматалда тӀобитӀараб «ХъахӀаб чӀоло» абураб тӀолгороссиялъулаб акциялда гӀахьаллъана Бакълъул районалъул лъайкьеялъул идараби.**

**Гьедин, хъахӀаб чӀоло гъажалдаги бухьун, Z ва V хӀарпазул сипатазул мухъ гьабун чӀеялдалъун мугӀалимаз ва цӀалдохъабаз бихьизабуна улкаялъул нухмалъулев Владимир Путинил сиясат битӀараблъун жидеца рикӀкӀунеблъи.**




Гьеб акциялда гьединго гӀахьаллъи гьабуна Бакълъул районалъул Афгъаналъулаб рагъул гӀахьалчи, «Народное ополчение 1999 г. “Интербригада”» ДРООялъул штабалъул нухмалъулев УхӀума ГӀабдулкъадировасги ва ТӀолгороссиялъулаб Афгъаналъул рагъул инвалидазул ва ветераназул жамгӀияб идараялъул бакӀалъулаб отделениялъул нухмалъулев ГӀумарасхӀаб Булатхановасги.

«1380 бакълъулас гӀахьаллъи гьабуна КӀудияб ВатӀанияб рагъульги. Жакъаги гьунар тӀокӀлъи, гӀагараб ракь цӀунизе бугеб къасд бихьизабулеб буго бакълъулаз. Бихьинчилъиялъул медалал ва цогидал шапакъатазе мустахӀикълъана нилъер васал Украина неофашистаздаса эркен гьабизелъун, улкаялъул парахалъи цунизелъун Россиялъул нухмалъулев Владимир Путиница рагӀинабураб хасаб рагъул операциялъулъ»,- ян абуна акциялъулъ гӀахьаллъараз.

**«Гумбет» РИО**

МАДАНИЯТ

# МагIарул театралъул вакил – Бакълъул мухъалда

### Цадахъаб хIалтIуе къотIи-къай гьабуна



**Бакълъул районалде щвана ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб МагIарул музыкалиябгун драмаялъулаб театралъул администратор Замила Гъаниева. МуниципалитеталъулгьоболдандчIвана районалъул маданияталъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановгун ва гьесул заместитель МухIамад ГIумардибировгун.**

ХIалтIулаб данделъиялда къотIи гьабуна цебе рехсараб театралъул спектаклял Бакълъулазул районалда рихьизаризе ва чIезабуна росабалъе гьезул хьвадиялъул график. ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб МагIарул музыкалиябгун драмаялъулаб театралъул нухмалъулев МухIамад БисавгIалиевас гьеб идараялда нухдаинабулеб буго театралъул церерахъинал ва цогидал рахъал церетIеялъул гIемерал хIалтIаби. Бакълъулазул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас баян гьабуна МагIарул театралъулгун цадахъаб хIалтIуе хIаракат бахъизе букIин.

**«Гумбет» РИО**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Депутат Жамаладин ХIасановас бакълъулазул жанисел ишазул ветераназда баркана

**Россиялъул Бакълъул мухъалда бугеб ОМВДялъул ветераназда Россиялъул Госдумаялъул Федералияб Собраниялъул депутат Жамаладин ХIасановасул рахъалдасан махщалилаб байрам баркизе вачIана гьесул кумекчи, 2020-2025-абилеб ахIиялъул Халкъазда гьоркьосеб жамгIияб Палатаялъул Президиумалъул гIахьалчи, «Беларусь-Дагъистан» МГПялъул нухмалъулев Керимхан ГIумаханов.**



«ХIурматиял Бакълъул районалъул ОМВДялъул ветеранал, РФялъул Госдумаялъул ФСялъул депутат Жамаладин Набиевич ХIасановасул ва дирго рахъалдасан ракI-ракIалъ баркула нужеда Россиялъул МВДялъул ветераназул къо. Нужеца пачалихъалъул хIажатал ракIбацIцIадго тIурана, хIинкъичIо захIматалъукьа, бихьизабуна ВатIан цIунизе бугеб гьира. Нуж руго ОМВДялъул гIолохъанал хIалтIухъабазе мисаллъун. Жакъа цIакъго хIажат буго нужер насихIатчилъи гIолилазе.

Мадугьалихъ бугеб Украиналда фашистазулал пикраби ругел гIемерлъиялъ Россиялъул нухмалъулев Владимир Владимирович Путиница рагIинабизе ккана хасаб рагъулаб операция. Иргадулаб нухалъ нилъер улкаялъ хIаракат бахъулеб буго фашизмалъул къоралдаса дунял хвасар гьабизе. Нилъеца бажарараб гьабила ВатIаналъул парахалъи цIунизелъун Владимир Путиница нухдаинабулеб сиясат цебетIезабизе.

Гьединго баян гьабизе бокьун буго Дагъистаналъул жамгIияталъ биатлоналъул рахъалъ Олимпиялъул унгкъцIул чемпион, дунялалъул 11 нухалъ чемпионлъун вахъарав, «XX гIасруялъул бищун къуватав биатлонист» абураб цIаралъе мустахIикълъарав Александр Тихоновас США-ялде данде лъазабураб дандечIеялъул рахъ кколеблъи. Нилъеца ВатIан цIунизе цадахъаб жигар бахъила. Хириял ветеранал, гьарула нужее цебетIей, къеги нужее халатаб ва талихIаб гIумру»,- ян абуна Керимхан ГIумахановас.

Тадбиралда ГIумахановас Жамаладин ХIасановасул рахъалдасан ветераназе баркиялъулаб кагъат ва гIарцулаб сайгъатги кьуна. Бакълъул районалъул ОМВДялъул ветераназул рахъалдасан депутатасе ва гьесул вакиласе гьабураб лъикIаб бербалагьиялъухъ баркала загьир гьабуна районалъул жанисел ишазул ветераназул идараялъул нухмалъулев Амага Амагаевас. Тадбиралъул гIахьалчагIаз, Украина неофашистазда бацIцIад гьабулаго хваралги ракIалде щвезаруна минуталъул руцIцIунчIеялдалъун.

**ЗугьраГIабдулкъадирова**

# Лъималазе чIобого квен щвезе рес буго

**Бакълъулазул ЦРБялъ лъазабулеб буго дагьго хьезарурал хъизаназул гIумрудул тIоцебесеб лъабго соналде рахарал лъималазе чIобого кьолеб лъималазул квен бачIун буго. Гьеб щвезе ккани, эбел-инсуца рихьизаризе ккола:**

**медицинаялъулаб страховияб полис;**
**СНИЛС;**
**лъимер гьабиялъул свидетельство;**
**социалияб рахъалъ гIададамал хьезариялъул идараялдаса справка;**
**кванил нигIматал кьеян эбел-инсуца хъвараб гIарза;**
**эбелалъул яги инсул паспорталъул копия.**




**Щвезе рес буго гьадинаб лъималазул квен:**
**смесь Нутрилак 1;**
**0-6 моцIал рарал лъималазул Малютка 1;**
**смесал Нутрилак 2, Малютка 2;**
**овощазул, пихъил пюре;**
**рахьдал карщал Фруто няня;**
**6-12 моцIал рарал лъималазе пихъил сокал.**

**Марям Жанахъаева,**
**Бакълъул районалъул ЦРБялъул педиатр**

НИЛЪ – БАРАБ АХIУЛЪГИ АХIАРАБ БОЛЪГИ

# ВатIан бахIарчиго цIунарал

**КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьилелде Эсенбулат СагIидов хIалтIулев вукIана МелъелтIа росдал Телманил цIаралда бугеб колхозалда.**



**1942 соналъул 16 февралалда ахIана ВатIанияб рагъде. Заманго бахъилалде витIула Моздокалде рагъулал ругъунлъабазде. Вагъулев вукIана Украиналда. Нижее цIакъ захIмат букIанаян бицунаан Эсенбулатица хъвазе-цIализе ва гIурус мацI лъангутIиялъ. Амма гIадамазул цоцаздехун бугеб гьуинлъиялъ, цоцазе кумек гьабиялъ лъалеб букIинчIо ракъиги, къечги.**

Гьес бицунаан жиндихъ букIанин кIичIвалеб нус. Нухда батараб лъукъараб чуги хъун, кIиябго бохги ччукIун, гьелдаса ччорбалги къотIун гьалмагъзабазде аскIове вильанин ва гьеб гьанги бежун кванани. Эсенбулат СагIидовасе щвана КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 20, 30 сонал тIураялъул хIурматалда юбилеялъул медалал. 1985 соналъул 14 марталда кьуна ВатIанияб рагъул тIоцебесеб даражаялъул орден. Рагъдаса тIад вуссун хадув Эсенбулат хIалтIана Тельманил цIаралда бугеб колхозалъул боцIул вехьлъун. Гьенив хIалтIулаго гьесие щвана Ленинил юбилеялъул медаль.

1904 соналъ Гъоркь Инхо росулъ векьарухъанасул хъизамалда гьавуна МухIамад ГIумардибиров. Армиялде ахIана 1942 соналъул 10 январалда. ВачIинахъего цIализе витIана Владивостокалде. МухIамад гIахьаллъана гIурусазулгун японияздул рагъда Сахалин чIинкIиллъиялда. Гьев вукIана гIарадачи. 1944 соналъ гьезул часть Воронежалъул фронталде рехана. ГIахьаллъана Курская ду-



гаялда, Курско – Орловская дугаялда. Гьенив захIматго лъукъана. 1945 соналъ рокьове тIадвуссана.

**«Гумбет» РИО**

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН

# Оперативно – профилактическое мероприятие «Детское кресло»

**Согласно письмо МВД по Республике Дагестан от 20.04.2022г № 1/2037 с 20 по 30 апреля 2022 года на территории Гумбетовского района проводится Оперативно – профилактическое мероприятие *«Детское кресло». Данная операция направлена на снижение аварийности с участием детей.***

Отделение ГИБДД по Гумбетовскому району обращается к родителям с просьбой позаботится о своих детях. Внимательно следить за их поведением на дорогах. Исключить возможность самостоятельного появления детей до 10 лет без сопровождения взрослых на проезжей части дороги, соблюдение детьми и подростками правил дорожного движения, при управлении велосипедами и мото-транспортом. Простейшие правила: переводить ребенка через проезжую часть только в установленном месте; перевозить в автомобилях детей, не достигших 7 лет, с использованием детских удерживающих устройств, а старше 7 лет пристегивать ремнями безопасности. Следует обсудить с детьми кратчайшие и безопасные маршруты их движения, при этом учитывать интенсивность движения транспортных средств в местах перехода детей через проезжую часть. Также обращаемся к водителям транспортных средств: быть внимательнее на дорогах, во время езды в светлое время суток фары ближнего света или дневные ходовые огни вашего автомобиля должны быть включены. В темное время суток и в условиях недостаточной видимости, независимо от освещения дороги, фары дальнего и ближнего света должны быть включены на всех автомобилях и мопедах. За анализируемый период в рамках данной операции ОГИБДД ОМ ВД РФ по Гумбетовскому району составлен 5 административный протокол по ст. 12.23 ч.3 КоАП РФ (нарушение требований к перевозке детей, установленных ПДЦ).

**А. М. Гаджиев,**
**Врио начальника полиции ОМВД России по Гумбетовскому району, подполковник полиции**

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов муниципального образования «Село Данух»

## Решение № 03

от 25 марта 2022 г. с. Данух

**«Об утверждении отчета об исполнении бюджета МО «Село Данух» за 2021 год**

**Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Федеральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом АСП «Село Данух», послушав доклад главы сельского поселения об исполнении бюджета МО «Село Данух» за 2020 год Собрание депутатов:**

**Решает:**

1.Утвердить отчет об исполнении бюджета МО «Село Данух» Гумбетовского района за 2021 год:

- по доходам в сумме 4999,4 тыс. рублей согласно прил. к настоящему решению

- по расходам в сумме 5225,8 тысяча рублей, согласно приложении №2 к настоящему решению (источником финансирования дефицита бюджета 2021 года является остаток бюджетных средств на 01.01.2021 г. - 873.4 тыс. руб.)

2. Настоящее решение вступает в силу с момента принятия и подлежит официальному опубликованию в районной газете «Гумбет».

**Председатель Собрания**
**А. И. Иманалиев**

**Приложение № 1**
**к решению Собрания депутатов сельского поселения «Село Данух»**
**от 25 марта 2022 г. № 03**

# Доходы бюджета сельского поселения «Село Данух» за 2021 год

(тыс. руб.)

| Наименование показателей | КОДЫ классификации доходов бюджетов | План на 2021 год | Фактически исполнено за 2021 год | % исполнения |
|---|---|---|---|---|
| Налог на доходы физических лиц | 18210102010011000110 | 16,0 | 22,0 | 137,5 |
| Налог на имущество физических лиц | 18210601030100000110 | 5,0 | 1,1 | 22,0 |
| Пения на налог на имущество физических .лиц | 18210601030100000110 | | | |
| Единый сельскохозяйственный налог | 182 | 3,0 | 2,4 | 80,0 |
| Земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033101000110 | 66,0 | 115,6 | 175,2 |
| Пения на земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033102100110 | | | |
| Земельный налог (пп2п1ст394) | 18210606043101000110 | | | |
| Неналоговые доходы | | | | |
| **ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ** | | **90,0** | **141,1** | **156,8** |
| **БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ** | | **3421,0** | **3419,0** | **99,9** |
| Дотация сельскому поселению из ФФПП | 00120201001100000151 | 2646,0 | 2644,0 | 99,9 |
| Субсидии в т числе | | 775,0 | 775,0 | 100,0 |
| Субсидии бюджетам поселений на строительство модернизацию, ремонт и содержании автомобильных дорог общего пользования | 00120202041100000151 | 300,0 | 300,0 | 100,0 |
| Иные межбюджетные трансферты в т.ч. средства бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий | 00120204014100000151 | 475,0 | 475,0 | 100,0 |
| Субвенции | | 106,0 | 106,0 | 100,0 |
| | **в том числе:** | | | |
| Выполнение полномочии по первичному воинскому учету на территориях, где отсутствуют военные комиссариаты (ВУС) | 00102030151000000151 | 106,0 | 106,0 | 100,0 |
| **ВСЕГО ДОХОДОВ** | | **3617,0** | **3666,1** | **101,4** |

**Приложение №2**
**к решению Собрания депутатов сельского поселения «Село Данух» за 2021 год**
**от 25 марта 2022 г. № 03**

# Исполнение бюджета по расходам сельского поселения «Село Данух» за 2021 год

(тыс. руб.)

| Наименование | адм. | Рз | ПР | ЦСР | Лимит бюджетных обязательств на 2021 год | Кассовые выплаты за 2021 год | % выполнения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **ВСЕГО** | | | | | **4154,9** | **4069,1** | **97,9** |
| Общегосударственные вопросы | 001 | 01 | 00 | | 1820,2 | 1799,7 | 98,9 |
| Функционирование Правительства РФ, высших исполнительных органов госуд. власти субъектов РФ, местных администраций | 001 | 01 | 04 | 9900010040 | 1820,2 | 1799,7 | 98,9 |
| Национальная оборона | 001 | 02 | 00 | | 106,0 | 106,0 | 100,0 |
| Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС) | 001 | 02 | 03 | 9980051180 | 106,0 | 106,0 | 100,0 |
| Национальная безопасность и правоохранительная деятельность | 001 | 03 | 00 | | 0,0 | 0,0 | ###### |
| Органы юстиции (ЗАГС) | 001 | 03 | 04 | 9980059300 | | | ###### |
| Национальная экономика | 001 | 04 | 00 | | 1255,0 | 1210,0 | 96,4 |
| Дорожный фонд | 001 | 20 | 22 | 041100000 | 780,0 | 735,0 | 94,2 |
| Иные межбюджетные трансферты в т.ч. средства бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий | 001 | 20 | 24 | 014100000 | 475,0 | 475,0 | 100,0 |
| Жилищно-коммунальное хозяйство | 001 | 05 | 00 | | 192,7 | 192,7 | 100,0 |
| Благоустройство | 001 | 05 | 03 | 9900040010 | 192,7 | 192,7 | 100,0 |
| Культура и кинематография | 001 | 08 | 00 | | 741,0 | 720,7 | 97,3 |
| Культурно-досуговый центр | 001 | 08 | 01 | 9900080010 | 741,0 | 720,7 | 97,3 |
| Социальная политика | 001 | 10 | 00 | | 0,0 | 0,0 | ###### |
| Пенсионное обеспечение (доплата к пенсии) | 001 | 10 | 01 | 9900090010 | 0,0 | 0,0 | ###### |
| Физкультура и спорт | 001 | 11 | 02 | 9900090100 | 40,0 | 40,0 | 100,0 |
| Генеральное планирование села | | | | | 0,0 | 0,0 | |

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №___

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.